# V. КИШИ ИСБИЛЕРМЕНЛИК (БИЗНЕС)

2018 жылдың 1 июль жағдайына дизимге алынған жәми киши исбилерменлик (бизнес) субъектлериниң саны 11714 ни қурады.

2018 жыл январь-июньда жалпы аймақлық өнимниң 42,1 пайызы (2017 жыл январь-июньда 47,1 пайыз) киши бизнес субъектлери тәрепинен ислеп шығарылды.

- санаат өнимлери ислеп шығарыў көлеми 576,2 млрд. сўмды (жәми санаат ислеп шығарыўдың 13,7 пайызы) ямаса 2017 жылдың январь-июнына салыстырғанда өсим пәти 3,8 пайызға артқан;

- 736,7 млрд.сўмлық аўыл, тоғай ҳәм балық хожалықларының ислеп шығарылған (көрсетилген хызметлер) қурап, өсим пәти 2,8 пайызды (аўыл, тоғай ҳәм балық хожалықлары жалпы өниминиң 99,4 пайызы) қурады;

- 584,7 млрд. сўмлық инвестициялар (улыўма инвестициялар көлеминиң 33,5 пайызы) өзлестирилди ҳәм 2017 жылдың январь-июнына салыстырғанда 23,5 пайызға кобейди;

- 689,8 млрд.сўмлық қурылыс жумыслары (улыўма қурылыс жумыслары көлеминиң 84,2 пайызы) орынланды ҳәм 2017 жылдың январь-июнына салыстырғанда 3,2 пайызға асты;

- автомобиль транспорты жүк айланбасының 2,7 пайызға (республика жәми автомобиль транспорты жүк айланбасының 90,1 пайызы), жолаўшы айланбасының болса 2,5 пайызға (улыўма жолаўшы айланбасының 97,1 пайызы) көбейиўи тәмийинленди;

- усақлап сатыў товар айланбасы улыўма көлеминиң 91,4 пайызы ямаса 1953,9 млрд. сўмы (өсим пәти 2,1 пайыз) ҳәм хызметлер улыўма көлеминиң тийисли түрде 61,3 пайызы ямаса 2167,0 млрд.сўмы (өсим 3,0 пайыз) қәлиплестирилди;

- 17,9 млн. АҚШ доллары (улыўма экспорт көлеминиң 7,0 пайызы) муғдарында өнимлер (товар ҳәм хызметлер) экспорт қылынды, 67,6 млн. АҚШ доллары (улыўма импорт көлеминиң 64,2 пайызы) көлеминде өнимлер (товар ҳәм хызметлер) импорт қылынды.

**2018 жылдың январь-июнында киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) улыўма көлеминдеги жеке исбилерменликтиң (пуқаралар мүлики) үлеси**

| | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеми, млрд.сўм* | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеминде жеке сектор үлеси, % есабында* |
|---|---|---|
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 736,7 | 99,4 |
| Санаат | 576,2 | 13,7 |
| Қурылыс | 689,7 | 84,2 |
| Усақлап сатыў | 1953,9 | 7,8 |
| Жүк тасыў, *млнтн.* | 10,3 | 5,2 |
| Жолаўшы тасыў, *млн.адам* | 57,9 | 1,5 |
| Экспорт, *млн. АҚШ долл.* | 17,9 | 0,2 |
| Импорт, *млн. АҚШ долл.* | 67,6 | 8,8 |

**Жалпы аймақлық өним ҳәм экономика тараўлары өними (жумыслар, хызметлер) улыўма көлеминде киши исбилерменлик (бизнес) үлесиниң өзгериўи**

*(улыўма көлемге салыстырғанда пайыз есабында)*

